# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 अप्रैल 2024 भोजपुरी समाचार

लोकसभा चुनाव क दुसरा फेरा बदे बिहने प्रदेस क आठ संसदीय क्षेत्रन अमरोहा, मेरठ, बागपत, गाजियाबाद, गौतमबुद्धनगर, बुलंदशहर अउर अलीगढ़ में बिहने ओट डारल जाइ। मतदान सबेरे सात बजे सुरू हो जाइ। एकरे पहिले आजु येह सज्जों संसदीयन क्षेत्रन में जिला मुख्यालयन से पोलिंग पार्टी मतदान केन्द्रन बदे रवाना भइलीं। निर्वाचन आयोग कहले हौ कि सान्तिपूर्ण अउर निष्पक्ष मतदान बदे सज्जों इंतजाम सुनिश्चित कइ लिहल गइल हौ। दुसरा फेरा में प्रदेस क आठ सीटिनि पर कुलि इक्यानबे ओम्मेदवार चुनाव मैदान में हवे। गौतमबुद्धनगर अउर मथुरा सीटि पर सबसे बेसी पनरह–पनरह अउर बुलंदशहर में सबसे कम छौ ओम्मेदवार चुनाव लड़ि रहल हवे। येह ओम्मेदवारन के भागि क फैसिला एक करोड़ सडसठ लाख सतहत्तर हजार एक सौ अनठानबे मतदाता करिहें।

**********

लोकसभा चुनाव क चउथा फेरा में नामांकन परचा दाखिल करे क आजु आखिरी तारीख रहल। येह फेरा में प्रदेस क तेरह संसदीय सीटिनि शाहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोई, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कन्नौज, कानपुर, अकबरपुर अउर बहराइच बदे चुनाव होई। आखिरी तारीख पर आजु कन्नौज लोकसभा क्षेत्र से समाजवादी पार्टी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव चारि सेट में आपन नामांकन पर्चा दाखिल कइलें। बिहने नामांकन परचन क जांचि कइले जाइ। जबकि नांव वापसी क आखिरी तारिख उनतीस अपरैल हौ। चउथा फेरा क ससंदीय सीटिनि बदे मतदान तेरह मई के होई।

**********

प्रदेश में दुइ फेरा क लोकसभा चुनाव बिहने मतदान प्रक्रिया पूरा भइले के सथहीं सम्पन्न हो जाई। येह बिच्चे बाकी बचल फेरा क चुनाव बदे राजनीतिक दल चुनाव परचार तेज कइ दिहले हौ। भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु आगरा में जनसभा के सम्बोधित करत कहलें कि उहां के लोगिन से विकसित भारत बदे आसीरबाद मांगे आइल बानीं। उहां के कहलीं कि भाजपा क दस सालि के कार्यकाल में कल्याणकारी योजनन क लाभ सबके मिलल हौ। उहां के कांग्रेस क चुनावी घोसणा पत्र के तुस्टीकरण क राजनीति से प्रेरित बतवलीं। येह मौका पर भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो जनसभा के सम्बोधित कइलें। श्री योगी कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के दस बरिस क कार्यकाल में हम सब के नया भारत क दरसन हो रहल हौ। ओहीं, भाजपा क सीनियर नेता अउर रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आजु लखीमपुर खीरी जिला में एगो सभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि एनडीए सासन के समय आपन सीमा सुरक्षित हौ अउर सीमावर्ती क्षेत्रन में बहुते विकास क कार हो रहल हौ।

ओहर, कन्नौज में नामांकन परचा दाखिल कइले के बाद अखिलेश यादव प्रेस वार्ता में कहलें कि उहां के कन्नौज क लोगिन क सम्मान अउर विकास बदे कार करबि। उहां के कहलीं कि भाजपा क लोगि एइजा विकास रोके क कार कइले हवें। येह मौका पर उहां के अपने सरकार क उपलब्धियो गिरवलीं।

बहुजन समाज पारटी क राष्ट्रीय संयोजक आकाश आनंद आजु आजमगढ़ अउर बनारस में चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि बाबा साहेब भीमराव आम्बेडकर हम्मन के ओट क ताकति दिहले हवें, जेकर अब सही इस्तेमाल करे के हौ। उहां के कहलीं कि बसपा आम जनता क हित के ले के लड़े वाली पारटी हौ।

**********

पर्यटन सेवा क्षेत्र के बढ़ावा देवे के उत्तर प्रदेस ट्रैवल मार्ट–दुइ हजार चउबीस क सुरूआति आजु गोरखपुर के योगिराज बाबा गम्भीरनाथ प्रेक्षागृह में मुख्यमंत्री क सलाहकार, रिटायर आईएएस अधिकारी अवनीश अवस्थी कइलें। यूपी नहीं देखा तो इण्डिया नहीं देखा क आवाहन करत उहां के कहलीं कि आजु उत्तर प्रदेस पर्यटन क क्षेत्र में तेजी से विकास कइ रहल हौ। प्रदेस क अर्थव्यवस्था के एक ट्रिलियन डॉलर बनवले के दिसा में पर्यटन क्षेत्र खास भूमिका निभा रहल हौ। ट्रैवेल मार्ट में देस अउर बिदेस से कई गो टूर ऑपरेटर अउर होटल उद्यमी सामिल भइलें।

**********

गरमी के मौसम में यात्रियन के सुविधा बदे रेलवे दिल्ली आ अउरियो रूटन पर आठ समर स्पेसल ट्रेन चलवले क फैसिला कइले हौ। ई ट्रेन अलगि–अलगि स्टेसनन से सुरू हो के गोरखपुर के रास्ते जाई। पूर्वोत्तर रेलवे क मुख्य जनसम्पर्क अधिकारी पंकज कुमार सिंह बतवलें कि मऊ–आनंद विहार टर्मिनस–मऊ ग्रीष्मकालीन साप्ताहिक बिसेस गाड़ी क संचलन मऊ से 28 अपरैल से, बरौनी–बांद्रा टर्मिनस ग्रीष्मकालीन बिसेस गाड़ी 27 अपरैल से कटिहार–वडोदरा ग्रीष्मकालीन बिसेस गाड़ी 27 अपरेल से अउर छपरा–आनंद विहार टर्मिनस–छपरा ग्रीष्मकालीन बिसेस गाड़ी क संचलन 27 अपरैल से कइल जाई।

**********

उत्तराखंड क सुप्रसिद्ध मां पूर्णागिरि देवी मेला में उमड़ि रहल भारी भीड़ि के देखि के पूर्वोत्तर रेलवे इज्जतनगर मण्डल की ओरि से अट्ठाइस अपरैल से एक जोड़ी अनारक्षित मेला स्पेसल सवारी गाड़ी क संचलन टनकपुर अउर बरेली जंक्सन के बिच्चे कइल जाई। इज्जतनगर मण्डल क जनसम्पर्क अधिकारी राजेन्द्र सिंह बतवलें कि रोजे चले वाली ई ट्रेन राति में साढ़े नौ बजे टनकपुर से चलि के दस बजि के पचपन मिनट पर पीलीभीत अउर राति बारह बजि के पचपन मिनट पर बरेली जंक्सन पहुंची। ओइजा से अन्मुन्हरवें दुइ बजि के पचपन मिनट पर चलि के चारि बजे पीलीभीत अउर पांच बजि के पचपन मिनट पर टनकपुर पहुंची। येह ट्रेन के चलले से पीलीभीत अउर आसपास के यात्रियन के खुबे सहूलियत मिली।

**********